



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-650

Sijè: FLEA MARKETS

Kategori: ELÈV

Pibliye: 29 Jen 2009

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye (CR A-650) ki gen dat 1ye me 1998.

Regleman sa a fikse kondisyon pou yo kreye ak fè flea markets ak kèk lòt pwogram tip *flea market* sou pwopriyete Depatman edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) nan objektif pou ramase lajan nan benefis lekòl leta.

Chanjman:

- FACE ak Sipèntandan ki apwopriye a dwe revize nenpòt pwopozisyon pou yon *flea market* k ap dire plis pase 12 jou pou asire l ap fèt nan pi bon enterè lekòl la.
- Yo chanje obligasyon yon asosyasyon paran (parent association, PA) ki ramase lajan nan yon *flea market*.
- Si yon PA ki ramase lajan nan yon *flea market* pa respekte obligasyon responsablite finansye ki nan regleman sa a, yo ka bay lòd pou lajan *flea market* la depoze nan yon kont lekòl la ap jere.
- Plafon pou flea markets ki gen dire limite ki pa bezwen yon demand ki gen konpetisyon, ogmante soti nan dis(10) pa nae pou rive nan (12) pa ane.
- Yo elimine disponiblite yon eksepsyon pou pwosesis demand ki gen konpetisyon pou yon kòporasyon ki gen asosyasyon paran nan lokal lekòl la pou yo ka resevwa avantaj yon kontra pou fè yon *flea market* fonksyone nan lokal sa a. Nenpòt *flea market* ki pral fonksyone pou plis pase 12 jou nan nenpòt ane dwe fonksyone dapre yon kontra yo bay atravè pwosesis demand ki gen konpetisyon an.



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-650

Sijè: FLEA MARKETS

Kategori: ELÈV

Pibliye: 29 Jen 2009

### REZIME

Objektif regleman sa a se agrandi opòtinite pou lekòl leta ogmante fon yo. Regleman sa a fikse kondisyon pou yo kreye ak fè flea markets ak City markets sou pwopriyete Depatman edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) nan objektif prensipal pou ramase lajan nan benefis lekòl leta. Regleman sa a aplike sèlman pou flea markets ak pwogram City market, jan yo defini l nan dokiman an. Se regleman Chanselye (CR) ki aplikab ki pral kontinye gouvènè tout lòt aktivite ramase lajan nan lekòl.

### I. ENTWODIKSYON

- A. Objektif regleman sa a se defini klèman pwosesis pou PA k ap esponsorize yo ka fonksyone oswa kontra pou flea markets yo fonksyone.
- B. Y ap entèdi itilizasyon pwopriyete DOE nan objektif pou fè yon *flea market* oswa pwogram City market sofsi *flea market* la oswa pwogram City market la kreye ak fèt dapre lwa ki aplikab regleman sa a.
- C. Benefis pou antite prive, tankou machann (vendor) ak operatè *flea market*, k ap fè *flea market* oswa pwogram City markets pou nenpòt dire fèt pou gen mwens enpòtans parapò ak benefis lekòl leta Vil Nouyòk resevwa nan *flea market* oswa nan pwogram City market sa a oswa DOE p ap bay pèmi pou yo itilize pwopriyete l.
- D. Toudabò, ak avan nen peryòd renouvèlman kontra, PA k ap esponsorize a dwe bay divizyon santral Office for Family Engagement and Advocacy (“OFEA”) ki nan DOE yon pwopozisyon pou apwouve pou fè yon *flea market* k ap dire plis pase 12 jou pou asire li nan pi bon enterè lekòl la.

### II. DEFINISYON TÈM YO

#### A. Flea Markets

Yo defini tèm “*flea market*” kòm yon antrepriz komèsyal, ki fèt sou pwopriyete DOE pandan lè ki pa lè lekòl, ki gen ladan lavant machandiz ak/oswa sèvis *vendor* prive

ofri, kote yo bay PA k ap esponsorize a frè yo chaje *vendor* yo pou itilizasyon pwopriyete DOE ak/oswa yon pòsyon pwofi *vendor* yo fè pou donasyon nan lekòl leta Vil Nouyòk.

#### B. City Markets

Antrepriz komèsyal ki tonbe nan definisyon "*flea market*" ki pi wo a, men ki ofri tou lòt benefis sosyal epi ke se ajans ki kreye ak dirije yo dapre yon dekrè egzekitif (Executive Order) Majistra a (paegzanp greenmarkets Council on the Environment of New York City ap dirije), yo pral rele apresa nan dokiman sa a "pwogram market Vil la (City market programs").

#### C. *Sponsoring Parent Association*

Tèm "*Sponsoring Parent Association*" vle di yonn oswa plizyè asosyasyon paran jan yo di l nan CR A-660, ki gen entansyon ramase lajan pou benefis lekòl leta Vil Nouyòk lè yo: 1) fonksyone yon *flea market* oswa yon pwogram City market sou pwopriyete DOE; oswa 2) fè kontra avèk yon *vendor* prive pou fè fonksyone yon *flea market* sou pwopriyete DOE. Tèm sa a pa gen okenn aplikasyon legal ni lòt aplikasyon apre sa ki nan regleman sa a..

### III. PWOSEDI POU FONKSYÒNMAN FLEA MARKETS POU YON DIRE YONN JISKA DOUZ JOU

A. Yo dwe fè yon demand pou itilizasyon pwopriyete DOE pou yon *flea market* k ap dire yonn jiska douz(12) jou pa ane dapre pwosedi sa yo:

1. Yon *Sponsoring Parent Association* pa oblije bay yon demand ki gen konpetisyon pou *flea markets* ki gen dire limite sa yo.
2. Yon *Sponsoring Parent Association* ka itilize swa paran volontè swa angaje sèvis yon antite prive pou fè *flea market* la fonksyone.
3. Yon antite prive k ap dirije yon *flea market* sipoze gen yon kontra pou l egzekite ki respekte kondisyon pou kontra ki nan seksyon IV regleman sa a.
4. Yon *Sponsoring Parent Association* dwe prepare yon deklarasyon kout, alekri ki dekri kòman lajan yo ramase nan *flea market* la pral itilize epi voye l pou direktè lekòl ki pral fè *flea market* ak/oswa ki pral pataje benefis la apwouve. Lè yo fin resevwa konsantman chak direktè, *Sponsoring Parent Association* an dwe voye demand lan alekri ba Sipèentandan ki apwopriye a ak ba FACE.
5. Sipèentandan oswa OFEA ka egzije lot dokiman pou yo ka detemine si benefis pou *vendor/operatè* yo gen mwens enpòtans pase benefis lekòl leta Vil Nouyòk.
6. Tout *vendor* nan *flea markets* la dwe gen lisans ak anrejistreman ki apwopriye.
7. Tout lajan oswa kotizasyon yon *Sponsoring Parent Association* resevwa ankoneksyon avèk *flea market* la dwe sou bidjè ak depanse dapre regleman ak pwosedi ki nan CR A-660.

**IV. FONKSYÒNMAN FLEA MARKETS KI DIRE PLIS PASE DOUZ JOU ATRAVÈ PWOSESIS KI GEN KONPETISYON/DEMAND POU PWOPZISYON (REQUEST FOR PROPOSAL, “RFP”).**

- A. Yon *Sponsoring Parent Association* ki ta renmen opere yon flea market pou plis pase douz(12) jou pa ane dwe angaje sèvis yon operatè flea market (the “operator”) lè li itilize yon pwosesis demand ki gen konpetisyon. Yon *Sponsoring Parent Association* dwe dabò prepare yon deklarasyon kout, alekri ki dekri kòman lajan yo ramase nan flea market la pral itilize epi voye l pou direktè lekòl ki pral fè flea market ak/oswa ki pral pataje lajan oswa kotizasyon yo. Lè yo fin resevwa konsantman chak direktè, *Sponsoring Parent Association* an dwe voye demand lan alekri ba Sipèentandan ki apwopriye a ak ba FACE.
- B. Sipèentandan oswa OFEA ka egzije lot dokiman pou yo ka detemine si benefis pou *vendor/operatè* yo gen mwens enpòtans pase benefis lekòl leta Vil Nouyòk.
- C. *Sponsoring Parent Association* an dwe prepare yon RFP ki fikse kondisyon pou kontra a.
1. RFP a pral presize:
    - a. Responsablite operatè flea market nan fonksyonman flea market la;
    - b. pwopozisyon yo dwe baze swa sou yon frè fiks swa sou yon pousantaj revni brit operatè a apati flea market la, kote yo pa pral konsidere yon pwopozisyon sofsi pwopozisyon an di kantite minimòm dola ki garanti yo pral bay *Sponsoring Parent Association* apati revini brit sa yo;
    - c. si pwopozisyon an gen ladan yon pousantaj revni brit, pwopozisyon an dwe dekri okonplè fason yo pral kreye ak jere dosye ki gen revni brit yo epi mete yo disponib pou *Sponsoring Parent Association* ak DOE evalye; epi
    - d. Se *Sponsoring Parent Association* an ki pral bay moun kalifye ki fè òf la kontra a, ki gen pwopozisyon ki garanti pou bay *Sponsoring Parent Association* an pi gwo kantite dola a, kòm yon minimòm, apati lajan ki soti nan flea market la, eksepte *Sponsoring Parent Association* an ka bay yon lòt moun ki kalifye ki fè òf kontra a dapre lòt kritè yo presize nan RFP a. *Sponsoring Parent Association* an dwe di, alekri, rezon ki fè li bay yon kontra dapre lòt kritè sa yo.
- D. Divizyon kontra ak acha (Division of Contracts and Purchasing) DOE fè piblisite pou RFP a nan dosye Vil la pou dis(10) jou.
- E. Division of Contracts and Purchasing DOE ouvri anvlop kachte pwopozisyon yo nan yon dat ouvèti pwopozisyon yo endike.

- F. *Sponsoring Parent Association* evalye pwopozisyon yo ak fè rekòmandasyon ba FACE pou bay yon kontra.
- G. FACE apwouve kontra a epi voye yon demand otorizasyon (Request for Authorization, "RA") ba Chanselye a oswa reprezantan l pou yo apwouve. RA a dwe presize:
1. kantite pwopozisyon *Sponsoring Parent Association* an resevwa; epi
  2. si se ka a, rezon ki fè yo bay lòt moun ki fè òf kontra olye se moun ki kalifye ki fè òf ki garanti pi gwo kantite dola a yo bay li.
- H. Kote yon *Sponsoring Parent Association* bay yon kontra dapre pwosedi ki dekri pi wo a ak kote DOE adopte kontra sa a, *Sponsoring Parent Association* an dwe fè yon akò regilye Office of Legal Services DOE fè si *Sponsoring Parent Association* an mande sa. Demand *Sponsoring Parent Association* an ba Office of Legal Services dwe gen ladan yon kopi RA a ki apwouve yon kontra. Egzekisyon akò regilye a se yon preyalab pou angaje yon operatè pou fè yon flea market sou pwopriyete DOE.
- I. Dire kontra avèk operatè flea markets yo pral fèt pou dezan (2), avèk de(2), yon (1) ane pwolonjman ki renouvlab. Pwolonjman sa yo fèt sèlman avèk konsantman *Sponsoring Parent Association* an. Tout kontra ant *Sponsoring Parent Associations* yo ak operatè flea markets yo pral gen yon regleman ki pèmèt *Sponsoring Parent Association* an anile kontra a apre 90 jou avi oswa avan ba operatè, pou rezon valab.
- J. Lè sa posib, peryòd kontra pou kòmansman ak fen yon flea market pral tonbe menm lè ak ane fiskal DOE a. Nou konprann yon flea market ka kòmanse nan mitan ane; sepandan kontra a dwe fini nan dat 30 jen.
- K. Men responsablite operatè a:
1. Peye *Sponsoring Parent Association* dapre sa ki di nan kontra a;
  2. Kenbe liv kontab ak dosye ak tout dokiman prèy tout revni yo resevwa ki soti nan flea market la ak tout depans ki fèt nan non flea market la. Si depans yo benefisye antrepriz operatè a anplis flea market la, total depans yo dwe dokimante epi mete yo disponib pou *sponsoring Parents Association* an ak pou DOE, epi yo dwe devwale metòd yo itilize pou repatisyon depans yo;
  3. Remèt tout dosye konsènan fonksyonman flea market la ba *Sponsoring Parents Association* an oswa ba DOE si yo mande sa;
  4. Jere ak administre tout aspè flea market la;
  5. Jwenn ak kenbe kouvèti asiran pou responsablite konplè sifizan ki gen non *Sponsoring Parent Association* an, Depatman edikasyon Vil nouyòk ak Vil Nouyòk kòm enstitisyon anplis ki asire. Yo dwe pran kouvèti asirans sa nan yon konpayi asirans ki gen lisans depatman Asirans eta Nouyòk(New York State Insurance

- Department). Se Division of School Facilities ansanm ak Sponsoring Parent Association an ki pral detèmine montan kouvèti asirans yo egzije;
6. Garanti ak Sekirite pou lokal flea market la;
  7. Netwayaj lokal flea market la, jan gadyen lokal la presize sa a;
  8. jwenn tout pèmi ki aplikab yo ak peye nenpòt frè ki gen rapò avèk yo, tankou pèmi yon pwomotè ki soti nan depatman Taks ak Finans eta Nouyòk (New York State Department of Taxation and Finance);
  9. Asire tout *vendor* endividyèl gen lisans ak anrejistre kòrèkteman;
  10. Remèt yon depo garanti ki egal ak yon ka ( $\frac{1}{4}$ )peman anyèl ki garanti a nan moman y ap siyen kontra a, oswa yon obligasyon pèfòmans ki egal yon ka ( $\frac{1}{4}$ )peman anyèl ki garanti a. Nan sikonstans espesyal, yo ka retire kondisyon sa a, si yo mande. Depo garanti sa a oswa obligasyon pèfòmans sa a, yo pral konsidere l kòm domaj -enterè, si operatè a vyole kontra a .
  11. Peye tout frè pou espas la;
  12. Bay Sponsoring Parent Associationyon an yon lis non *vendor* ak enfòmasyon pou kontakte yo chak ane;
  13. Tout lajan oswa kotizasyon yon *Sponsoring Parent Association* resevwa ankoneksyon avèk flea market la dwe sou bidjè ak depanse dapre regleman ak pwosedi ki nan manyèl finans pou asosyasyon paran (*Financial Handbook for Parent Associations* ) ak CR A-660 ak dapre bagay sa yo:
    - preparasyon yon bidjè detaye(plan depans) pou ane lekòl aktyèl la. Si yo p ap depanse tout lajan yo prevwa k ap soti nan flea market la pandan ane lekòl aktyèl la, rapò ba paran an ta dwe gen ladan plan depans alontèm lan; epi
    - remèt bidjè asosyasyon asosyasyon endividyèl yo ba direktè chak ak ba FACE pou yo apwouve; epi
    - remèt bidjè ki apwouve a ba ansanm paran an nan kòmansman chak ane lekòl.
- L. Si nenpòt pwopriyetè, manm komite direktè yo oswa anplwaye atan plen yon operatè flea market ki voye yon pwopozisyon kòm repons ba RFP a se yon paran pwòch yon elèv aktyèl oswa yon elèv resan nan yon lekòl ki benefisyè nan revni flea market la, asosyasyon paran ki te konsène yo p ap patisipe ofisyèlman nan komite evalyasyon RFP a. Jiska twa(3) reprezantan paran, ki pa gen plis pase yon reprezantan pou chak lekòl k ap patisipe, ka fè pati diskisyon komite evalyasyon RFP a ak voye kesyon kòm manm komite evalyasyon RFP a ki pa ka vote. \*Paran pwòch"vle di yon paran, mari/madam, pitit, pitit, frè, sè, matant, tonton, neve, nyès, granparan, pitit pitit oswa mari/madanm nenpòt ladan yo. Anplis, si yo chwazi yon

operatè flea market atravè pwosesis demand ki gen konpetisyon an, epi manm Sponsoring Parent Association yo te fè pati komite evalyasyon RFP a, paran pwòch elèv aktyèl oswa elèv resan ki nan yonn nan lekòl k ap benefisye nan flea market la ka pa vin pwopriyete, manm Komite direktè oswa anplwaye atan plen operatè flea market yo chwazi a pandan antite sa a gen yon kontra pou opere flea market la. Jan yo itilize l nan paragaf sa a, “elèv resan” vle di yon elèv ki te nan lekòl la pandan pwosesis chwa RFP a men ki pa nan lekòl la ankò.

**V. JESYON, KONTWÒL ENTÈN AK SIPÈVIZYON TOUT FONKSYÒNMAN FLEA MARKET KÈLKESWA DIRE OSWA ESTRIKTI Y AP FONKSYONE A**

- A. Direktè lekòl kote asosyasyon paran yo se manm yon Sponsoring Parent Association yo dwe mete yo nan diskisyon asosyasyon paran an ak nan akò pou itilizasyon lajan oswa kotizasyon ki soti nan fonksyonman flea market la.
- B. Pou objektif rapò revni ak depans, odit ak evalyasyon sètifye, ane fiskal la kòmanse 1ye jiyè epi l ap fini 30 jen. Yo dwe rapòte revni ak depans yo dapre metòd kontablite.
- C. Operatè flea market la, kit se yon Sponsoring Parent Association (pou flea markets k ap fonksyone mwens pase douz jou chak ane) kit se yon antite prive, li dwe kenbe dokiman prèv, tankou resi orijinal, pou chak resi ak depans lajan cash.
- D. Tout lajan yo peye yon Sponsoring Parent Association ki soti nan fonksyonman yon flea market dwe depoze nan yon kont labank Sponsoring Parent Association an ap jere epi yo dwe dokimante apa nan gwo liv resi cash Sponsoring Parent Association an ak idantifye nan deklarasyon finansye l. Si lajan flea market la pa kontabilize dapre lwa sa a, y ap depoze lajan sa a pou jesyon nan kont lekòl la dapre bagay sa yo, dapre volonte FACE:
  - operatè a pral fè yon chèk sou non Sponsoring Parent Association an;
  - operatè a pral remèt direktè a chèk la;
  - manm Sponsoring Parent Association an ki otorize siyen chèk yo pral andose chèk la pou depoze sou kont lekòl la;
  - yo ka depanse lajan an sèlman nan chita pale avèk Sponsoring Parent Association an ak ankonfòmite ak chapit jeneral lajan lekòl (General School Funds Chapter) ki nan manyèl pwosedi fonksyonman regilye departman an (Department’s Standard Operating Procedures Manual); epi
  - lekòl la pral mete kopi dosye ki gen rapò ak bank lan ak dokiman prèv depans yo disponib pou Sponsoring Parent Association an.
- E. Odit sètifye/Deklarasyon finansye anyèl
  1. Pou tout flea markets kèlkeswa dire a, operatè a ak Sponsoring Parent Association an dwe gen yon odit sètifye pou dosye finansye respektif yo pou ane

fiskal k ap fini 30 jen chak twazan, sofsi biwo oditè jeneral (Office of the Auditor General, OAG) la retire kondisyon sa a, jan yo di l pi ba a. Nan ane k ap vini yo, gen yon kontab endepandan ki dwe fè yon evalyasyon.

2. Sil vle, OAG a ka retire kondisyon pou odit sètifye pou flea markets ki gen revni anyèl ki mwens pase 100,000 dola. Sepandan, si yo retire kondisyon sa a, y ap egzije pou yon kontab endepandan fè yon evalyasyon olye yon odit sètifye.
3. Se responsablite operatè prive a pou voye rapò yon odit oswa yon evalyasyon sètifye ba Sponsoring Parent Association an. Sponsoring Parent Association an gen obligasyon pou jwenn rapò yo ak voye yo ba Sipèntandan an oswa reprezantan l, ba asanble paran an, OAG ak FACE pa pi ta pase kat (4) mwa apre ane fiskal la fini (31 oktòb). Depatman an ka fè odit tout rapò sa yo.
4. Nan ka kote gen plis pase yon operatè k ap dirije flea market la pandan peryòd rapò a, chak dwe remèt yon rapò pou kouvri peryòd fonksyonman pa yo. Sponsoring Parent Association dwe idantifye separeman revni chak operatè.
5. Si yo pa remèt rapò obligatwa yo, FACE dwe mande pou yo depoze lajan flea market Sponsoring Parent Association an resevwa a nan yon kont labank apa lekòl la ap jere dapre General School Funds Chapter of the Department's Standard Operating Procedures, swivan pwosedi ki dekri nan seksyon V.D, ki pi wo a.
6. Rapò chak trimès
  - a. Yo pa pral egzije rapò sou revni ak depans chak trimès pou flea markets ki dire douz (12) jou pou pi plis. Sepandan, yo dwe idantifye ak rapòte revni ak depans ki soti nan aktivite sa yo nan deklarasyon tanporè ak finansye anyèl asosyasyon paran ki se manm Sponsoring Parent Association an.
  - b. Pou flea markets ki dire plis pase douz (12) jou, ni Sponsoring Parent Association an ni operatè a dwe remèt rapò sou revni ak depans anyèl nan yon fòm ekri FACE bay. Yo dwe rapòte revni ak depans yo dapre yon metòd kontablite. Si pa gen aktivite ki fèt nan trimès la, yo dwe rapòte sitiyasyon sa a sou fòm lan. Yo dwe remèt rapò sa yo ba FACE yon mwa apre peryòd trimès la fini.
  - c. Nan ka kote gen plis pase yon operatè k ap dirije flea market la pandan yon trimès, chak dwe remèt yon rapò pou kouvri peryòd fonksyonman pa yo. Sponsoring Parent Association dwe idantifye separeman revni chak operatè.



d. Si yo pa remèt rapò trimès obligatwa yo, FACE ka mande pou yo depoze lajan flea market Sponsoring Parent Association an resevwa a nan yon kont labank apa lekòl la ap jere dapre General School Funds Chapter of the Department's Standard Operating Procedures, swivan pwosedi ki dekri nan seksyon V.D, ki pi wo a.

7. Itilizasyon lajan

Yon Sponsoring Parent Association k ap fè yon flea market oswa yon pwogram City market sou pwopriyete yon lekòl distri kominotè ka itilize lajan li ramase nan flea market la nan benefis lòt lekòl leta ki sou jiridiksyon menm distri a. Yon Sponsoring Parent Association k ap fè yon flea market oswa yon pwogram City market sou pwopriyete yon lekòl leta ka itilize lajan li ramase nan flea market la nan benefis lòt lekòl leta ki nan menm borough a. Yon Sponsoring Parent Association k ap fè yon flea market oswa yon pwogram City market sou pwopriyete yon lekòl leta edikasyon espesyal vil la ka itilize lajan li ramase nan flea market la nan benefis lòt lekòl leta edikasyon espesyal vil la ki nan menm borough a.

**VI. PWOSEDI POU METE FEN NAN PATISIPASYON VENDOR YO REPWOCH NAN FLEA MARKETS OSWA NAN PWOGRAM CITY MARKET**

- A. Yon Sponsoring Parent Association gen pouvwa ak responsablite pou mande operatè a pou mete fen nan patisipasyon yon *vendor* nan nenpòt flea market oswa nan pwogram City market, kèlkeswa dire flea market la, si Sponsoring Parent Association detèmine *vendor* a gen repwòch kont li akòz konpòtman oswa pèsonalite *vendor* lan, ak/oswa tip machandiz ak sèvis *vendor* a ap vann lan.
- B. Rekòmandasyon yon Sponsoring Parent Association pou mete fen nan patisipasyon yon *vendor* nan yon flea market oswa nan yon pwogram City market pral anpeche imedyatman *vendor* sa a pou patisipe nan flea market osw nan pwogram City market sa a. Sepandan, si *vendor* a oswa machandiz la ak sèvis *vendor* a vann lan pa reprezante yon menas pou sekirite moun oswa pwopriyete a, Sponsoring Parent Association an ka pèmèt *vendor* a reprann patisipasyon l nan flea market la oswa nan pwogram City market la nan pwochen jou fonksyonman flea market la si yo te elimine konpòtman, machandiz ak/oswa sèvis yo repwoche a epi *vendor* a pran angajman pou li pa retounen ak machandiz oswa sèvis sa yo nan flea market la oswa nan pwogram City market.

- C. Yon *vendor* yo sispann lan ka ka lae ann apèl pou rekòmandasyon yon Sponsoring Parent Association fè pou mete fen nan patisipasyon yon *vendor* nan yon flea market oswa nan yon pwogram City market, dapre pwosedi sa yo:
- Si flea oswa pwogram City market kote *vendor* a te patisipe a te sou pwopriyete lekòl distri lekòl kominote a, lekòl edikasyon espesyal vil la oswa lekòl segondè a, *vendor* a ka fè apèl bòkote FACE anpremye.
  - Si desizyon FACE la pa nan avantaj *vendor* a, *vendor* a ka ale ann apèl kont desizyon sa devan Executive Director of the Division of Contracts and Purchasing;
  - Pandan apèl la ap tann, y ap anpeche *vendor* a patisipe nan flea market la oswa nan pwogram City market kote yo mete fen nan patisipasyon l lan.

#### **VII. REVOKASYON PÈMI**

Chanselye a oswa reprezantan l pral itilize revokasyon pèmi pou fè respekte lwa ki nan regleman sa a.

#### **VIII. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Family Engagement and Advocacy

N.Y.C. Department of Education

49 Chambers Street - Room 503

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-2323

Faks: 212-374-0076